

# MODEL PANGAJARAN SATRA SUNDA

Ku Dedi Koswara

## I. Bubuka

Dina dora ieu panglawungan, samemeh ngobrolkeun pangajaran sastra Sunda di SD/SMP, leuwih ti heula urang nengetan sajumlah runtuyan materi pangajaran sastra Sunda anu kudu ditepikeun ka barudak di ieu lembaga atikan.

Materi pangajaran satra Sunda, boh di SD boh di SMP, nurutkeun Kurikulum 2004, saestuna aya dina opat aspek kaparigelan basa Sunda, nyaeta *maca*, *ngaregepkeun*, *nulis*, jeung *nyarita*. Tina eta opat aspek teh dina kanyataanana mah materi sastra di SD ngan aya dina kaparigelan *ngaregepkeun* jeung *maca*. Ari di SMP materi sastra teh aya dina opat aspek kaparigelan basa.

Di sakola dasar, *pembelajaran* sastra Sunda teh nincak hambalan kagiatan, di antarana, saperti kieu.

### (1) Ngaregepkeun Dongeng (Kelas 1)

Kagiatan ngaregepkeun dongeng teh kaasup kana kagiatan ngaapresiasi sastra. Carana mah bisa ngaregepkeun dongeng ti tukang dongeng, radio, televisi atawa ti anu maca carita. Sakadar gambaran, kieu geura langkah-langkah *pembelajaranana*.

#### a. Kagiatan Awal

- (1) Nanya, ngabsen
- (2) Apersepsi
- (3) Pretes
- (4) Ngamotivasi barudak

#### b. Kagiatan Inti

- (1) Ngaregepkeun carita sato anu dilisankeun ku guru.
- (2) Nyebutkeun tokoh-tokoh carita protagonis jeung antagonis.
- (3) Nyebutkeun jeung ngabedakeun sipat-sipat/perilaku tokoh nu bageur jeung nu jahat.
- (4) Nyaritakeun deui eusi carita sacara ringkes.

#### c. Kagiatan Ahir

- (1) Nandeskeun bahan *pembelajaran*.
- (2) Postes
- (3) Ngajelaskeun kagiatan saterusna jeung mere tugas.
- (4) Nutup *pembelajaran*.

### (2) Maca Kakawihan (Kelas II)

Puisi tradisional anu dibaca teh mangrupa *kakawihan*. Tujuan utamana sangkan barudak mampuh maca jeung ngalagukeun kakawihan, teu pati dipentingkeun pikeun nyangkem eusi kakawihan. Sakadar gambaran, ieu di handap aya conto langkah-langkah *pembelajaran* maca karya sastra puisi kakawihan.

#### a. Kagiatan Awal

- (1) Nanya, ngabsen

- (2) Apersepsi
- (3) Pretes
- (4) Ngamotivasi barudak

a. Kegiatan Inti

- (1) Maca teks kakawihan make lafal nu bener.
- (2) Ngaregepkeun lagu kakawihan nu dihahariringkeun ku guru.
- (3) Ngalagukeun kakawihan (sorangan-sorangan).
- (4) Mere conto kakawihan sejen, terus dihahariringkeun boh sorangan boh babarengan.

b. Kegiatan Akhir

- (1) Nandeskeun bahan *pembelajaran*.
- (2) Postes
- (3) Ngajelaskeun kagiatan saterusna jeung mere tugas.
- (4) Nutup *pembelajaran*.

Langkah-langkah *pembelajaran* nu digunakeun di SD saperti di luhur, bisa dipake di SMP. Nyarandu kana *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda pikeun SD/MI jeung SMP/Mts*, nu diterbitkeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat 2004, sebaran materi pangajaran sastra teh katiten saperti kieu.

**A. Sebaran Materi Pangajaran Sastra di SD/MI**

Kls	Kode	Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
I	1.1.2	Ngaregepkeun dongeng anu dibaca ku guru	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun kalawan daria</li> <li>● Bisa nyebutkeun palaku dina dongeng</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana karakter palaku dina dongeng</li> </ul>	Dongeng sasatoan
II	2.1.3	Ngaregepkeun dongeng	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun eusi dongeng</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi dongeng</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana eusi dongeng</li> </ul>	Dongeng basajan
	2.1.4	Ngaregepkeun kakawihan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa apal kana rumpaka kakawihan</li> <li>● Bisa nembangkeun kakawihan, boh sorangan boh babarengan</li> </ul>	Kakawihan
	2.3.2	Maca wacana kakawihan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca wacana kakawihan make lafal jeung irama nu tepat</li> <li>● Bisa nembangkeun kakawihan boh sorangan boh babarengan</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana eusi kakawihan</li> </ul>	Kakawihan
	2.3.3	Maca dongeng	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca dongeng make lafal jeung intonasi nu hade</li> <li>● Bisa nyebutkeun eusi dongeng</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana eusi dongeng</li> </ul>	Dongeng
III	3.1.3	Ngaregepkeun dongeng sasatoan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun kalawan hade</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi dongeng</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana eusi dongeng</li> </ul>	Dongeng sasatoan

	3.1.4	Ngaregepkeun kakawihan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun kalawan sikep anu hade</li> <li>● Bisa ngawasa rumpaka</li> <li>● Bisa nembangkeun kakawihan, boh sorangan boh babarengan</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana wacana, eusi, lagu kakawihan.</li> </ul>	Kakawihan
	3.3.3	Maca bedas sajak	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca sajak kalawan lafal, volume sora jeung intonasi anu hade</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi sajak dina wangun parafrase</li> <li>● Bisa mere tanggapan eusi sajak kalawan hade</li> </ul>	Sajak
	3.3.4	Maca bedas dongeng	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa macakeun carita lakawan lafal, volume sora jeung intonasi sora anu tepat</li> <li>● Bisa nyebutkeun tokoh-tokoh dina carita</li> <li>● Bisa ngajelaskeun sipat-sipat tokoh carita</li> </ul>	Dongeng
IV	4.1.1	Ngaregepkeun carita pondok	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngusulkeun jeung ngajawab pertanyaan sangkan leuwih paham</li> <li>● Bisa nyaritakeun hal-hal anu ngirut dina carita</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana carita babaturan ku cara nanya</li> <li>● Bisa ngahubungkeun pangalaman sorangan ku cara merhatikeun cara ngagunakeun kalimah jeung milih kecap</li> </ul>	Carita pondok
	4.1.2	Ngaregepkeun nu maca puisi guguritan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun kalawan sikep au hade</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi guguritan dina wangun parafrase</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana eusi guguritan</li> <li>● Bisa nembangkeun guguritan</li> </ul>	Guguritan pupuh basajan
	4.3.1	Maca apresiasi	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nyebutkeun tokoh-tokoh carita</li> <li>● Bisa nyindekkeun gagasan poko tina carita</li> <li>● Bisa nyindekkeun hubungan analogis tina carita</li> <li>● Bisa nyaritakeun deui eusi carita</li> </ul>	Dongeng fabel
	4.3.3	Nembangkeun pupuh	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nyebutkeun eusi pupuh kalawan hade</li> <li>● Bisa nembangkeun pupuh luyu jeung anu dicontoan ku guru</li> <li>● Bisa nembangkeun pupuh kalawan irama anu bener</li> </ul>	pupuh
V	5.1.3	Ngaregepkeun carita pondok barudak	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngajukeun pertanyaan ngeunaan eusi carita pondok</li> <li>● Bisa ngajawab pertanyaan anu diajukeun</li> <li>● Bisa nulis alur carita</li> <li>● Bisa ngajelaskeun amanat anu aya dina carita barudak</li> </ul>	Carita pondok barudak
	5.2.6	Merankeun drama pondok	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca dialog drama pondok</li> <li>● Bisa merankeun drama pondok barudak kalawan penghayatan jeung ekspresi anu luyu jeung karakter tokoh</li> </ul>	Drama pondok
	5.3.2	Maca jero hate	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngidentifikasi jeung ngabedakeun eusi unggal teks</li> <li>● bisa mere tanggapan jeung alesan ngeunaan eusi teks</li> </ul>	Sajak jeung prosa anu temana sarua

	5.3.3	Macakeun sajak pilihan sorangan	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa maca teks sajak kalawan lafal, volume sora jeung intonasi anu hade</li> <li>• Bisa nerangkeun eusi sajak</li> <li>• Bisa mere tanggapan ngeunaan sababaraha aspek sajak</li> <li>• Bisa ngajawab pertanyaan ngeunaan sajak</li> </ul>	Sajak
VI	6.1.2	Ngaregepkeun nu maca carita rayat	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa nyieun daptar jeung nuliskeun ngaran jeung watek tokoh carita rayat</li> <li>• Bisa nyaritakeun deui sacara tinulis kalawan ngagunakeun kalimah nu bener jeung babari mahamna</li> <li>• Bisa nyebutkeun latar carita rayat</li> <li>• Bisa nuliskeu tanggapan kana eusi carita rayat</li> </ul>	Carita rayat
	6.2.6	Merankeun drama barudak	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa ngapalkeun dialog drama barudak</li> <li>• Bisa maen peran drama barudak kalawan penghayatan jeung ekspresi gerak-gerik katut mimik anu luyu jeung karakter tokoh</li> </ul>	Drama barudak

## B. Materi Pangajaran Sastra di SMP/Mts

Kls	Kode	Kompetensi Dasar	Indikator	Materi Pokok
VII	7.1.2	Ngaregepkeun dongeng	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa ngaregepkeun kalawan daria</li> <li>• Bisa ngaregepkeun tokoh-tokoh carita</li> <li>• Bisa ngaregepkeun peristiwa-peristiwa carita nu ngawangun galur carita</li> <li>• Bisa ngaregepkeun atawa nyindekkeun latar (<i>setting</i>)</li> <li>• Bisa nyindekkeun tema dongeng</li> <li>• Bisa mere tanggapan kana aspek-aspek carita (dongeng) dina diskusi</li> </ul>	Dongeng
	7.1.3	Ngaregepkeun pupujian	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa ngaregepkeun kalawan daria</li> <li>• Bisa ngalagukeun puisi pupujian</li> <li>• Bisa nyangkem eusi pupujian</li> <li>• Bisa nyaritakeun eusi pupujian dina parafrase</li> <li>• Bisa mere tanggapan rupa-rupa aspek puisi pupujian dina diskusi.</li> </ul>	Teks pupujian
	7.3.1	Maca sajarah lokal/carita babad	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa nyangkem eusi wacana/carita</li> <li>• Bisa nyangkem kalungguhan jeung peranan tokoh-tokoh</li> <li>• Bisa nyangkem hubungan kausalitas antarperistiwa kasajarah</li> <li>• Bisa nyangkem hubungan antartokoh, peristiwa jeung daerah satempat</li> <li>• Bisa nyindekkeun eusi teks (peristiwa sajarah)</li> <li>• Bisa mere tanggapan kana aspek sajarah lokal/carita babad</li> </ul>	Sajarah lokal/babad
	7.3.3	Maca dogeng/carita buhun	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Bisa maca dongeng make lafal jeung intonasi anu bener</li> <li>• Bisa nyangkem eusi dongeng kalawan imeut</li> <li>• Bisa nyindekkeun tema dongeng/carita buhun</li> <li>• Bisa mee tanggapan kana jihad eusi jeung bahasa wacana dongeng</li> </ul>	Dongeng/carita buhun

	7.3.4	Maca carita pondok	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca carita pondok make lafal jeung intonasi anu bener</li> <li>● Bisa nyaritakeun ringkesan carita pondok dina wangun parafrase</li> <li>● Bisa nyengkem eusi carita pondok</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana carita pondok tina rupa-rupa aspek</li> </ul>	Carita pondok
	7.4.3	Nulis sajak	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nulis sajak basajan</li> <li>● Bisa nulis kekecapan (diksi) kalawan tepat</li> <li>● Bisa nulis padalisan nu ngandung harti</li> <li>● Bisa nulis sajak nu ngandung gaya basa, wirahma jeung purwakanti</li> <li>● Bisa ngomean naskah sajak</li> </ul>	Sajak
VIII	8.1.2	Ngaregepkeun puisi sawer	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaregepkeun teks sawer kalawan saregep</li> <li>● Bisa nembangkeun teks sawer</li> <li>● Bisa nyangkem eusi teks sawer</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi teks sawer dina wangun parafrase</li> <li>● Bisa nyindekkeun tema wacana sawer</li> </ul>	Puisi sawer
	8.3.1	Maca sempalan carita wawacan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca wawacan make lafal, volume sora, jeung intonasi nu hade</li> <li>● Bisa nembangkeun carita wawacan make lagu pupuh rancag</li> <li>● Bisa mere tanggapan tina rupa-rupa aspek carita wawacan</li> <li>● Bisa nerangkeun cirri-ciri wawacan</li> <li>● Bisa nyaritakeun deui eusi (sempalan) carita wawacan</li> </ul>	Wawacan
	8.3.3	Maca sajak	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca sajak make lafal, tekanan, intonasi jeung penjiwaan eusi nu bener</li> <li>● Bisa maca sajak make improvisasi nu hade</li> <li>● Bisa nerangkeun ngeunaan teknik maca sajak</li> <li>● Bisa menerkeun atawa nyontoan cara maca sajak anu hade</li> </ul>	Sajak
	8.4.1	Nulis sisindiran	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nyindekkeun cirri-ciri wangun jeung eusi sisindiran</li> <li>● Bisa nulis sisindiran luyu jeung pasaratan wangunna</li> <li>● Bisa nulis sisindiran luyu jeung pasaratan eusina</li> <li>● Bisa nulis sisindiran ngagunakeun kecap-kecap nu hade tur sopan</li> <li>● Bisa nulis sisindiran make gaya basa</li> </ul>	Sisindiran
	8.4.5	Nyusun guguritan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa mekarkeun gagasan dina wangun puisi kalawan ngestokeun diksi, majas, jeung kaedah guguritan</li> <li>● Bisa nulis guguritan kalawan ngestokeun gurulagu, guruwilangan, jeung watek pupuh saluyu jeung pupuh anu digunakeunana</li> </ul>	Guguritan

IX	9.1.2	Ngaregepkeun rumpaka lagu-lagu kawih	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nyangkem cirri-ciri rumpaka lagu</li> <li>● Bisa nganalisis lirik rumpaka lagu</li> <li>● Bisa nembangkeun lirik rumpaka lagu</li> <li>● Bisa nyaritakeun eusi rumpaka dina wangun parafrase</li> <li>● Bisa mere tanggapan kana rumpaka lagu tina sababaraha aspek</li> </ul>	Rumpaka lagu/kawih
	9.2.1	Ngiritik karya seni sastra	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa nepikeun tanggapan (respon) spontan kana karya seni sastra</li> <li>● Bisa nepikeun kaunggulan/kualitas karya seni sastra kalawan alesan tinimbangan nu tangtu</li> <li>● Bisa nepikeun kritik kalawan make basa jeung cara-cara nu sopan</li> <li>● Bisa menerkeun atawa ngalempeng kritik dina diskusi</li> </ul>	Kritik
	9.2.4	Molahkeun peran ( <i>bermain peran</i> ) kana naskah drama	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngucapkeun kalimah paguneman make lafal, volume sora, jeung intonasi nu hade luyu jeung situasina</li> <li>● Bisa ngucapkeun kalimah-kalimah paguneman dibarung molahkeun gerak, mimik, improvisasi anu bener.</li> <li>● Bisa ngomean jeung ngahadean permainan perab.</li> </ul>	Carita drama
	9.2.5	Nyaritakeun eusi novel	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa milih novel nu hade pikeun dicaritakeun.</li> <li>● Bisa nyaritakeun ringkesan novel.</li> <li>● Bisa mere pangajen ngeunaan kaunggulan jeung kahengkeran novel.</li> <li>● Bisa ngajawab pertanyaan patali jeung novel nu dicaritakeun.</li> <li>● Bisa ngomean atawa ngahadean kualitas cara nyaritakeun novel.</li> </ul>	Novel
	9.2.6	Musikalisasi/ dramatisasi puisi	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa ngaekspresikeun penghayatan puisi.</li> <li>● Bisa mirig nu maca puisi ku musik sederhana ciptaan sorangan sacara kelompok.</li> <li>● Bisa nyiptakeun puisi jadi rumpaka lagu sacara kelompok.</li> <li>● Bisa ngomean atawa ngalusan ciptaan musikalisasi puisi.</li> </ul>	Puisi
	9.3.2	Maca wacana paguneman carita drama	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca wacana carita drama make lafal, volume sora, jeung intonasi guneman antartokoh kalawan hade.</li> <li>● Bisa ngaekspresikeun cara maca nu hade.</li> <li>● Bisa mere improvisasi dina waktu keur maca.</li> <li>● Bisa mere tanggapan tina rupa-rupa aspek carita drama.</li> <li>● Bisa ngaronjatkeun/ngahadean kualitas maca.</li> </ul>	Carita drama

9.3.4	Macakeun karangan sorangan	<ul style="list-style-type: none"> <li>● Bisa maca puisi make lafal, volume sora, intonasi, jeung mimik nu hade.</li> <li>● Bisa nembongkeun improvisasi nu wajar.</li> <li>● Bisa nyaritakeun proses kreatif nulis puisi.</li> <li>● Bisa ngahadean kualitas maca.</li> </ul>	Puisi (sajak)
-------	----------------------------	--	---------------

Nilik sebaran materi sastra di SD, materi dongeng jeung kakawihan leuwih loba meunang alokasi waktu tibatan sajak, carpon, pupuh jeung carita drama. Dongeng diajarkeun di SD kelas I, II, III, IV jeung VI. Kakawihan diajakeun di kelas I, II, jeung III. Sajak diajarkeun di kelas III jeung V. Guguritan diajarkeun di kelas IV. Pupuh diajarkeun di kelas IV. Carpon diajarkeun di kelas IV jeung V. Carita Drama diajarkeun di kelas V jeung VI.

Ari sebaran materi sastra di SMP/MTs kumaha? Di kelas VII diajarkeun dongeng, pupujian, babad, carpon, jeung sajak. Di kelas VIII diajarkeun puisi sawer, wawacan, sajak, sisindiran jeung guguritan. Di kelas IX rumpaka lagu kawih, kritik, carita drama, novel, puisi jeung sajak.

Tina sajumlah sebaran materi anu diajarkeun ti mimiti kelas I-IX teh aya tilu warna (*genre*) materi sastra Sunda anu teu kungsi diwanohkeun ka barudak, nyaeta carita pantun, mantra, jeung carita wayang. Naha bisa kitu? Padahal eta materi teh kawilang penting diajarkeun ka barudak sangkan barudak reueus kana hasil karya sastra Sunda sampakan (asli) saperti carita pantun jeung mantra. Lian ti eta sangkan barudak miwanoh kana hasil karya sastra Sunda sampeuran saperti carita wayang. Lamun carita pantun teu diwanohkeun di lembaga atikan formal saperti sakola, organisasi atawa lembaga naon deui atuh nu paling strategis pikeun ngawaohkeun eta hasil sastra Sunda ka generasi sapandeurieunana. Lembaga atikan formal mangrupa wadah anu boga peran pikeun “numuwuhkeun jeung ngipuk” apresiasi barudak. Di ieu institusi barudak bakal meunang apingan jeung latihan anu daria pikeun diajar sastra. Tanpa ayana hiji “pengkondisian” jeung upaya anu sosen-sosen, mustahil barudak bakal bisa deuheus, reueus jeung mikameumeut kana dunia karya sastra Sunda .

Perkara ieu teh merlukeun perhatian anu daria ti sakumna pihak, guru, pingpinan sakola, dinas pendidikan, jeung pingpinan daerah. Sanajan guru ajol-ajolan oge atawa naker tanaga jeung pikiran pikeun ngajarkeun sastra sacara maksimal, ari henteu dirojong ku pingpinan sakola mah nyaeta helas bae, kurang aya hasilna. Pingpina sakola haying ngaronjatkeun pangajaran basa jeung sastra Sunda, sakumaha adug-adugan oge ari teu dibere lahan atawa proporsi anu ajenna satata jeung widang studi liana mah, nyaeta sarua bae hasilna nihil. Kawas kasus nu geus kaliwat, kapan basa Sunda teh kungsi jadi mata pelajaran nu “dianakterekeun”. Ari anu ngaanakterekeunana saha? Guru, kepala sakola, dinas pendidikan atawa pingpinan daerah? Teu kudu silihtuding, muga ka hareupna mah ulah ngalaman nasib nu saperti kitu deui. Guru basa Sunda kudu jadi guru nomer hiji di Jawa Barat, satata pangajenna jeung guru widang studi lianna.

## II. Model Pembelajaran Sastra Sunda


Model pembelajaran sastra Sunda berbasis kompetensi, saestuna mangrupa wujud tina metode jeung prosedur pembelajaran anu geus ditetepkeun. Kitu deui gelarna hiji prosedur oge gumantung kana metode anu digunakeun dina proses diajar-ngajar. Mun kitu, “metode” teh jadi mataholang anu jadi titik panginditan paradigma mikir dina enggoning nyieun hiji model pembelajaran.

Kumaha ari “model pembelajaran sastra Sunda?” Dina *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda) untuk SD dan SMP (2003)* ditetelakeun ngeunaan “Prosedur Pembelajaran Bahasa Sunda” anu ngamekarkeun “Model Pembelajaran Bermakna”. Dina “Model Pembelajaran Bermakna” dipopoyankeun lima rupa langkah kagiatan saperti kieu

1. *Pemanasan-Apersepsi*, eusina mangrupa kagiatan
  - (a) neuleuman pangaweruh siswa (prates),
  - (b) mere motivasi ka siswa ku bahan ajar anu ngirut tur aya mangpaatna, jeung
  - (c) ngarojong siswa supaya katajieun pikeun miwanoh hal-hal anu anyar
2. *Eksplorasi*, eusina mangrupa kagiatan
  - (a) ngawanohkeun bahan atawa kaparigelan anyar, jeung
  - (b) ngaitkeun bahan anyar tea jeung pangaweruh nu geus nyampak di siswa
3. *Konsolidasi*, eusina mangrupa kagiatan
  - (a) ngaaktipkeun siswa dina maham bahan anyar jeung cara ngungkulan masalah, jeung
  - (b) ngaitkeun bahan ajar nu anyar jeung aspek kagiatan dina kahirupan
4. *Pembentukan sikap dan perilaku siswa*, eusina mangrupa kagiatan
  - (a) ngalarapkeun konsep anu diulik ku siswa dina kahirupanana, jeung
  - (b) ngawangun sikep jeung perilaku siswa dumasar kana konsep anu diulikna
5. *Penilaian Formatif*, eusina mangrupa kagiatan
  - (a) meunteun hasil pembelajaran siswa, jeung
  - (b) meunangkeun informasi pikeun nitenan kahengkeran jeung masalah siswa

Langkah kagiatan dina nyusun model pembelajaran bermakna bisa dititenan dina bagan ieu di handap.

### **MODEL PEMBELAJARAN BERMAKNA**





Sigana mah, model pembelajaran sastra oge bisa nyonto kana eta model. Najan kitu, urang kudu wanoh heula kana lingkup konsep bahan pembelajaran sastra, terus netepkeun “metode” pangajaran nu rek digunakeun dina eta pembelajaran.

Lingkup konsep bahan pembelajaran sastra anu perlu ditepikeun ka siswa di SD teh ngawengku (1) puisi, (2) prosa, (3) drama.

Lingkup konsep pembelajaran sastra teh ditandeskeun deui dina bahan ajar pemahaman basa jeung sastra Sunda anu mangrupa aspek konsep (pengetahuan) sastra saperti kieu.

1. Puisi

- a. Unsur puisi
- b. Jenis puisi (sisindiran, kakawihan, pupujian, guguritan, wawacan)


2. Prosa

- a. Unsur prosa
- b. Jenis prosa (dongeng, carita pondok, novel)

3. Drama

- a. Unsur drama
- b. Jenis drama

Kegiatan pembelajaran sastra bisa ngagunakeun pamarekan sastra saperti anu dipopoyankeun ku Abrams (1953: 6, Sardjono, 2003: 45, Teeuw, 1988: 50; Hawkes, 1978: 132) saperti ieu di handap.



1. Pendekatan (pamarekan) anu nandeskeun tilikanana museur kana karya sastra sacara otonom disebut pamarekan *objektif*.
2. Pendekatan (pamarekan) sastra anu nandeskeun tilikanana museur ka paulis, disebutna pendekatan *ekspresip*.
3. Pendekatan (pamarekan) anu nandeskeun tilikanana museur kana alam semesta disebut pendekatan *mimetik*.
4. Pendekatan (pamarekan) anu nandeskeun tilikanana museur ka nu maca disebut pendekatan *pragmatik*.

Dumasar kana “indikator” nu kaunggel dina pembelajaran ngaregepkeun jeung maca, bisa dicindekkeun yen metode anu digunakeun dina nepikeun bahan ajar sastra (prosa, puisi, drama) nyaeta metode *struktural*. Metode struktural digunakeun pikeun ngarakrak atawa nganalisis unsur-unsur prosa, puisi jeung carita drama.

Anapon teknik nu bisa digunakeun dina pembelajaran sastra Sunda nyaeta teknik ceramah, diskusi, tanya jawab, bermain peran (simulasi, sosiodrama), resitasi (penugasan), jeung pemecahan masalah.

### III. Panutup

Aya hal nu kawilang perlu diestokeun dina nangtukeun model pembelajaran sastra teh nyaeta metode nu rek digunakeun dina eta proses pembelajaran. Pikeun milih

jeung nangtukeun metode anu rek dipake gumantung kana bahan anu rek ditepikeun ka parasiswa.

Guru basa jeung sastra Sunda teu perlu bingung dina nyusun model pembelajaran basa jeung sastra Sunda lantaran geus aya hiji padoman nyaeta buku *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa Daerah (Sunda) untuk Guru SD dan SMP(2003)* jeung *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda*. Dina eta pedoman dipopoyankeun ngeunaan prosedur jeung metode (anu katiten tina kagiatan inti dina langkah pembelajaran maca jeung ngaregepkeun). Satuluyana hal eta teh bisa nyiptakeun model pembelajaran basa jeung sastra Sunda.

Di tungtung ieu pedaran, diebrehkeun salah sahiji conto silabus pembelajaran sastra Sunda.

## FORMAT I

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah  
 Satuan Pendidikan : Sekolah Menengah Pertama  
 Kelas/Semester : VIII/2  
 Alokasi Waktu : 2 Jam Pelajaran

Kompetensi Dasar	Materi Pokok	Hasil Belajar	Indikator Pencapaian Hasil Belajar	Pembelajaran
Berekspresi sastra melalui kegiatan pembacaan puisi	Pembacaan puisi	Dapat mengungkap dan memahami puisi yang dibaca dan dapat menunjukkan ciri-ciri khusus penulisan puisi serta dapat membedakan perasaan dan kesan bila sebuah puisi dibacakan secara wajar dengan secara deklamasi.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dapat menangkap dan memahami isi atau tema puisi yang dibacanya.</li> <li>Dapat menunjukkan ciri-ciri khusus penulisan puisi dan dapat membedakannya dengan penulisan prosa.</li> <li>Dapat membedakan perasaan dan kesan yang ditimbulkan oleh pembawaan puisi secara wajar dan secara deklamasi.</li> <li>Dapat membacakan puisi secara wajar dan secara deklamasi dengan ekspresi yang tepat.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Membaca suatu puisi yang terdapat pada buku bacaan atau majalah.</li> <li>Memahami isi atau tema puisi yang dibaca.</li> <li>Mengamati dan menunjukkan ciri-ciri menulisan puisi dan membedakannya dengan penulisan prosa.</li> <li>Mendengarkan pembacaan puisi secara wajar dan secara deklamasi yang disampaikan guru atau melalui rekaman</li> <li>Meresapi dan menghayati perasaan dan kesan yang ditimbulkan oleh pembacaan puisi secara wajar dan secara deklamasi serta membandingkan</li> </ul>

				<p>keduanya.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Berlatih membacakan puisi secara wajar dan secara deklamasi dengan ekspresi yang tepat.</li> </ul>
--	--	--	--	--

## FORMAT 2

<p>Mata Pelajaran : Bahasa Daerah (Sunda)  Satuan Pendidikan: Sekolah Menengah Pertama  Kelas/Semester: VIII/2  Alokasi Waktu : 2 Jam Pelajaran (2x pertemuan)</p>	
Kompetensi Dasar:	Berekspresi sastra melalui kegiatan pembelajaran puisi
Materi Pokok:	Pembacaan puisi
Hasil Belajar:	Dapat mengungkap dan memahami puisi yang dibaca dan dapat menunjukkan ciri-ciri khusus penulisan puisi serta dapat membedakan perasaan dan kesan bila sebuah puisi dibacakan secara wajar dengan secara deklamasi.
Indikator Pencapaian Hasil Belajar:	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Dapat menangkap dan memahami isi atau tema puisi yang dibacanya.</li> <li>2. Dapat menunjukkan ciri-ciri khusus penulisan puisi dan dapat membedakannya dengan penulisan prosa.</li> <li>3. Dapat membedakan perasaan dan kesan yang ditimbulkan oleh pembawaan puisi secara wajar dan secara deklamasi.</li> <li>4. Dapat membacakan puisi secara wajar dan secara deklamasi dengan ekspresi yang tepat.</li> </ol>
Indikator:	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Membeca suatu puisi yang terdapat pada buku bacaan atau majalah.</li> <li>2. Memahami isi atau tema puisi yang dibaca.</li> <li>3. Mengamati dan menunjukkan ciri-ciri menulisan puisi dan membedakannya dengan penulisan prosa.</li> <li>4. Mendengarkan pembacaan puisi secara wajar dan secara deklamasi yang disampaikan guru atau melalui rekaman</li> <li>5. Meresapi dan menghayati perasaan dan kesan yang ditimbulkan oleh pembacaan puisi secara wajar dan secara deklamasi serta membandingkan keduanya.</li> <li>6. Berlatih membacakan puisi secara wajar dan secara deklamasi dengan ekspresi yang tepat.</li> </ol>

## **LANGKAH PEMBELAJARAN**

### **Pemanasan-Apersepsi (5-10%)**

- Guru memperlihatkan puisi hasil karya murid kelas 2 SMP.
- Guru membagikan foto kopi puisi hasil karya murid SMP kepada murid-murid
- Guru membacakan puisi secara wajar dan deklamasi kepada murid-murid.

### **Eksplorasi (25-30%)**

- Murid dikenalkan dengan hasil karya sastra Sunda jenis puisi.
- Murid mengingat-ingat kembali hasil karya sastra puisi sejenis yang pernah dibaca, didengar/diketahui sebelumnya.
- Guru menawarkan cara belajar yang diinginkan oleh murid

### **Konsolidasi Pembelajaran (35-40%)**

- Murid mencatat isi atau tema puisi yang dibaca/didengarkannya.
- Murid mencari dan mencatat ciri-ciri penulisan puisi dan membedakannya dengan penulisan prosa.
- Murid menyimak pembacaan puisi yang disampaikan guru atau melalui rekaman baik secara wajar maupun deklamasi.
- Murid mencatat hasil apresiasi dari penghayatan perasaan dan kesan yang ditimbulkan oleh pembacaan puisi secara wajar dan secara deklamasi serta membandingkan keduanya.
- Murid berlatih membacakan puisi secara wajar dan secara deklamasi.
- Guru menjelaskan seperlunya tentang unsur-unsur hakikat puisi dan ciri-ciri khusus penulisan puisi. Hal itu dilakukan apabila ada murid yang masih menemukan kesulitan dalam memahami isi puisi yang didengarkannya.

### **Pembentukan Sikap dan Perilaku (10%)**

- Murid membuat catatan mengenai isi atau tema puisi yang dibaca/didengarkannya.
- Murid membuat deskripsi tentang ciri-ciri penulisan puisi dan membedakannya dengan penulisan prosa.
- Murid membuat catatan dari hasil apresiasi terhadap pembacaan puisi secara wajar dan deklamasi.
- Murid mendiskusikan amanat yang terdapat dalam puisi kemudian saling mengoreksi hasil rumusan pemikirannya tentang puisi yang dipahaminya.

### **Penilaian Formatif (10%)**

- Berlatih membacakan puisi secara wajar dan deklamasi pada buku bacaan atau majalah.
- Berlatih memahami isi atau tema puisi yang dibaca/didengarkannya.
- Berlatih menunjukkan ciri-ciri penulisan puisi dan membedakannya dengan penulisan prosa.
- Berlatih menyimak pembacaan puisi secara wajar dan deklamasi yang disampaikan guru atau melalui rekaman.
- Berlatih mengapresiasi puisi secara wajar dan deklamasi serta membandingkan keduanya.

## **SARANA DA SUMBER BELAJAR**

### **Sarana Pembelajaran**

- **Alat Peraga:** Hasil karya sastra jenis puisi
- **Sumber Belajar:** Buku teks, majalah, Koran

## **PENILAIAN**

### **1. Tes Tertulis**

Mengoreksi unsur puisi mengenai tema dan ciri-ciri penulisan puisi serta hasil apresiasi terhadap puisi.

- a. Sebutkeun ciri-ciri nuliskeun sajak teh?
- b. Cing bandingkeun jeung cara nuliskeun prosa?
- c. Sanggeus hidep maca eta sajak, kira-kira temana ngeunaan naon? kumaha?
- d. Ayeuna pek ku hidep tulis deui eusi eta puisi dina wangun lancar, make basa sorangan!

### **2. Kinerja Performansi**

Performansi yang diharapkan dari kinerja murid adalah sebagai berikut.

(Jawaban yang benar dan tepat dari murid mengenai hal-hal yang ditanyakan dalam tes tertulis).

### **3. Produk**

Hasil pekerjaan murid berkaitan dengan pemahamannya tentang tema atau isi puisi, ciri-ciri penulisan puisi, dan hasil apresiasi terhadap puisi baik secara wajar maupun deklamasi.

### **4. Tugas**

Murid diberi tugas mencari puisi dalam majalah, buku kumpulan puisi, dan Koran. Selanjutnya, murid menganalisis isi atau tema puisi, ciri-ciri penulisan puisi dan mengapresiasi puisi secara wajar dan deklamasi.

### **5. Portofolio**

Guru mengadministrasi penilaian berdasarkan portofolio, yaitu mencatat dan menganalisis perkembangan kemampuan murid dalam belajar.

Mengetahui  
Kepala SMP,

---

Guru Mata Pelajaran,

---

NIP.

---

NIP.

## DAFTAR PUSTAKA

- Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2003. *Pedoman Pengembangan Kurikulum Berbasis Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa daerah (Sunda) untuk Guru SD dan SMP*. Bandung: Geger Sunten.
- 2004. *Kurikulum 2004: Standar Kompetensi Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SD/MI – SMP/MTs*
- Hawkes, Terence. 1978. *Structuralism and Semiotics*. Great Britain: Richard Clay Ltd, Bungay, Suffolk.
- Koswara, Dedi. 2003. *Racikan Sastra*. Bandung: FPBS UPI.
- Rahmanto, B. 1988. *Metode Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Kanisius.
- Rusyana, Yus. 1974. *Penuntun Pengajaran Sastra di Sekolah Dasar*. Bandung: Pelita Masa.
- Sardjono Pradotokusumo, Partini. 2003. *Pengkajian Sastra*. Bandung: Wacana.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

**SEBARAN MATERI SASTRA SUNDA  
DI SD/SMP DINA KURIKULUM 2004**

NO.	MATERI SASTRA	ASPEK KPRG BASA				KELAS								
		NG	NY	MC	NS	1	2	3	4	5	6	7	8	9
1.	DONGENG	V		V		V	V	V				V		
2.	KAKAWIHAN	V		V			V							V
3.	SAJAK			V	V			V		V		V	V	V
4.	CARPON	V	V	V					V			V		
5.	GUGURITAN	V		V	V				V				V	
6.	PUPUH		V						V					
7.	CRT. DRAMA	V	V	V						V	V			V
8.	CRT. RAYAT	V			V						V			
9.	PUPUJIAN	V										V		
10.	BABAD			V								V		
11.	SAWER	V											V	
12.	WAWACAN			V									V	
13.	SISINDIRAN				V								V	
14.	KRITIK		V		V									V
15.	NOVEL		V											V

**KET.**

**NG = NGAREGEPKEUN**

**NY = NYARITA**

**MC = MACA**

**NS = NULIS**